



AVI POLITIK

Operasyon sou Teren 2024 - 9

Politik: EEC Essentials 2.0 (Eleman Esansyèl 2.0 EEC)

Dat Antre an Vigè: 8 me 2024 (anplwaye yo gen jiska 30 jen 2025 pou ranpli EEC Essentials 2.0)

Lyen Politik la: <https://www.mass.gov/guides/eecs-strongstart-online-professional-development-system>

APÈSI

EEC pran angajman pou l bay opòtinite devlopman pwofesyonèl ki sipòte yon mendèv ki reprezante lengwistikman ak kiltirèlman, diminye baryè pou antre, epi sipòte avansman pwofesyonèl k ap kontinye. EEC Essentials se yon pake fòmasyon obligatwa ki sèvi kòm yon baz enpòtan pou travay sa a.

Revizyon yo nan règleman sa a ak pake fòmasyon EEC Essentials ki asosye se repons a egzijans ki soti nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Biwo Swen Timoun nan Administrasyon pou Timoun ak Fanmi yo. Li reflekte tou angajman EEC nan amelyorasyon kalite. "EEC Essentials 2.0" sa a ofri kontni amelyore, konsepsyon, angajman, ak aksè. Tout kou yo kòmante nan plizyè lang (anglè, panyòl, pòtigè, oswa Chinwa senplifye) epi yo ofri soutit pou videyo ak soutit kode pandan tout kou yo.

Politik revize a pral antre an aplikasyon 8 me 2024. EEC Essentials 2.0 disponib depi 22 avril 2024, e li te ranplase EEC Essentials 1.0. Ranpli EEC Essentials 2.0 obligatwa pou tout nouvo aplwaye k ap antre sou teren an.

Tout aplwaye k ap travay nan pwogram ki gen lisans EEC oswa ki finanse yo pral oblije ranpli pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 la rive 30 jen 2025. Apre w fin swiv EEC Essentials 2.0, pral gen yon egzijans chak ane pou swiv yon kou resiklaj EEC Essentials 3 èdtan.

APLIKABILITE

Tout edikatè ak administratè k ap travay nan pwogram ki lisansye oswa finanse pa EEC yo pral oblije swiv pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 la. Nan pwogram Swen Timoun nan Fanmi yo (FCC), titilè lisans FCC a, asistan ki sètifye yo, ak asistan regilye yo, dwe swiv pake fòmasyon an.

Tout aplwaye ki enkli nan kalkil la pou kenbe rasyo (rapò) lisans la ak gwosè gwoup la dwe swiv tout pake a, kèlkeswa frekans yo travay. Anplis edikatè ak administratè pwogram yo, tankou volontè, estajyè, ak ranplasan ki konte nan rasyo a.

Anplis de sa, tout anplwaye ki konsène yo pral oblije swiv chak ane pake Resiklaj EEC Essentials la.

- **Anplwaye ki aktyèlman ap travay nan pwogram ki gen lisans oswa finansman EEC**

Dwe swiv pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 a rive 30 jen 2025.

- **Anplwaye ki nouvo nan travay nan pwogram ki gen lisans oswa finansman EEC**
Dwe fè yon veriikasyon sou pase yo ak EEC Essentials 2.0 anvan yo travay avèk timoun yo.

EEC ESSENTIALS 2.0

Gen de pake EEC Essentials 2.0. Anplwaye yo pral enskri epi ranpli pake ki aplikab la selon tip pwogram yo a. Tout pake yo disponib nan lang anglè, panyòl, pòtigè, ak chinwa senplifye.

- Tout anplwaye ki konsène nan pwogram timoun piti yo (**swen timoun ki baze nan sant ak nan fanmi**) pral enskri epi ranpli pake 13 kou ki make "EEC Essentials for Early Childhood 2.0". Pake sa a ta dwe pran apeprè 12 èdtan.
- Tout anplwaye ki konsène apre lekòl ak lè andeyò lekòl (**ASOST**) pral enskri epi ranpli pake 11 kou ki make EEC Essentials for ASOST programs 2.0". Pake sa a ta dwe pran apeprè 10 èdtan.

REMAK: Sètifika enprime yo ta dwe disponib nan dosye anplwaye ki nan pwogram nan.

SIVEYANS

Apati 1ye jiyè 2025, anplwaye lisans EEC yo pral kòmanse fè siveyans pou asire egzijans Fòmasyon egzijans fòmasyon ECC Essentials 2.0 yo ak fòmasyon anyèl Resiklaj EEC yo te fèt yon ane apre (epi chak ane apre sa) epi sètifika yo disponib nan dosye anplwaye yo sou plas. Lè yon pwogram pa asire l chak manm pèsonèl/asistan pwogram k ap travay dirèkteman ak timoun yo epi konte nan rasyo (rapò) anplwaye-timoun nan te swiv pake fòmasyon an, sa ka lakòz yo drese pwosè vèbal non-konfòmite.

MIZAJOU KLE

Sa ki annapre yo te mete ajou oswa klarifye nan Bilten Politik Esansyèl EEC orijinal la 2019-01 ak pake fòmasyon an.

- **Klarifikasyon nan anplwaye espesifik ki oblije pran fòmasyon an.** Politik inisyal la ka pa t endike klèman tout administratè pwogram yo ak anplwaye ki konte nan rapò livrezon lisans yo te oblije pran fòmasyon an.
- **Mizajou Pake Fòmasyon EEC Essentials la**
 - Ajoute yon kou ki gen tit « Disparisyon Timoun. » Materyèl kou sa a te dispèse nan lòt kou nan pake fòmasyon an men yo te amelyore li epe konsewa li nan pwòp kou li.
 - Kontni kou yo te amelyore pou enkli materyèl adisyonèl tankou prèv ak baz rechèch, ak etap aksyon pou anplwaye yo.
 - Tout kou revize yo kòmante nan tout lang epi yo gen ladan yo soutit kòde epi, lè sa aplikab, soutit.

- Y ap bay yon sètifika pake kou a lè tout pake fòmasyon an fini.
- **Ajoute egzijans chak ane yo.** Politik sa a ajoute egzijans pou anplwaye konsène yo swiv pake fòmasyon Resiklaj ECC chak ane a.

RESOUS

[Sistèm Jesyon Aprantisaj StrongStart](#) la se yon sistèm jesyon aprantisaj ki ofri fòmasyon obligatwa ak konplemantè pou edikasyon bonè ak anplwaye pwogram swen epi ki ka anrejistre achèvmman kou devlopman pwofesyonèl anplwaye yo. Pake fòmasyon EEC Essentials 2.0 a disponib nan katalòg kou pou enskripsyon an. Materyèl èd yo disponib sou paj dakèy la. Anplis de sa, èd disponib nan StrongStartPDS@mass.gov.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon, ki gen ladan politik ki aplikab yo, Kesyon yo Poze Souvan, ak resous nan plizyè lang, sou [paj politik](#) la.

OBSOLÈT (PA SÈVI ANKÒ)

Politik sa a pral ranplase Egzijans Fòmasyon ECC Essentials EEC a ki te deja revize nan dat 1 fevriye 2020